

# Kisa Yo Rele Swale?

Si ou gen kèk tan w'ap viv nan konte Miami-Dade, gen anpil chans pou ou te tande mo "swale" la omwens yon fwa. "Swale" la se zòn ki gen gazon ki koumanse nan depi nan pwent twotwa, devan kay yo jiska limit lari a (nan kote ki pa gen twotwa, se zòn ki koumanse nan limit pwopriyete a pou rive nan pwent lari a). Mo kreyòl ki pi sanble ak "swale" se «rigòl.»

"Swale" se yon zouti ki sèvi anpil pou kontwòl dlo lapli. Yo ralanti jan dlo lapli a ap koule e yo pèmèt dlo a fè yon ma tanporèman. Avèk sa, sa ede dlo a filtre move polisyon pou yo pa koule anba tè a. An menm tan tou, "swale" yo ede pwoteje lavi moun ak byen tou paske yo minimize inondasyon.

"Swale" yo trè enpòtan pou kontwòl dlo lapli, men yo pa menm bagay avèk ni bit tè ni kanal. "Swale" yo gen yon pant ki koumanse devan pwopriyete a epi yo laj ; yo pa tèlman fon.




*Yon "swale" ki kenbe byen. Gade jan oto a pake nan lari a men pa sou "swale" la.*



*Yon "swale" ki pa kenbe byen. Gade jan tout "swale" la betonnen epi yon machin pake sou li.*

# An Nou Sove "Swale" Yo

Aprann pou kisa li enpòtan pou yon "swale" gen bon antretyen




*Yon "swale" ki kenbe byen.*

# An Nou Sove "Swale" Yo

Pou plis enfòmasyon, rele  
(305) 375-4772 oubyen vizite  
<http://www.miamidade.gov/publicworks/roads-bridges-canals.asp>

403\_01-178 7/17



DEPATMENT TRANSPÒTASYON AK TRAVO PUBLIK

# Pou Kisa Fò M'ta Ede "Sove Swale Yo?"

"Swale" yo se tè leta, sepandan se pwopriyete yo ki sipoze fè antretyen "swale" ki devan pwopriyete yo, dapre lalwa.


Ou gen tout enterè pou fè antretyen "swale" yo, pa sèlman paske lalwa di sa, men tou paske:

- Yon "swale" ki gen bon antretyen gen bèl aparans epi li ede kay kenbe valè pwopriyete yo.
- Yon "swale" ki fè travay li byen pwoteje kay ou ak kay vwazen yo paske li ede minimize inondasyon lè gen lapli.
- "Swale" yo pwoteje anviwonman epi dlo n'ap bwè a paske li fite polisyon ki lage nan dlo a lè lapli tonbe.



**Yon "swale" ki kenbe byen. Gade jan se antre pakin nan sèlman ki betone.**

## Egzanp "swale" ki pa kenbe byen



**Gade zòn ki gen beton an epi prè machin abitye pake sou "swale" la.**



**Gade jan tè a foule. Li klè machin abitye pake sou "swale" la.**



**Gade jan tè a foule. Li klè machin abitye pake sou "swale" la.**

# Kisa M'ka Fè Pou Ede "Sove Swale Yo?"

Fè antretyen "swale" yo byen fasil. Epi, sa ap ede diminye inondasyon nan katye lakay ou:

- Koupe gazon ki sou "swale" la pou ka kenbe zèb la an sante epi sou kontwòl.
- Pa itilize twòp fètilizan ni pestisid oubyen lòt pwodui pou kontwòl move zèb ni sou "swale" la, ni sou gazon w.
- De tan zan tan ayere "swale" la, vire tè a pou fasilite dlo a filtre.
- Pa kite fatra, branch bwa epi lòt debri fè pil sou "swale" la: Si w' gen bezwen, rele 3-1-1 pou mande County vin pran yo pou ou.
- Chak fwa ou wè moun ap jete fatra ilegalman sou "swale" devan pwopriyete w, rele 9-1-1. Men si ou pa wè moun nan, rele 3-1-1 pou rapòte fatra ki jete ilegalman sou "swale" devan pwopriyete w.
- Pa mete beton sou "swale" la sof si leta ba w pèmi pou fè yon antre pou pakin oto w.
- Pa estasyonè machin sou "swale" la; sa rann tè a foule e dlo pa ka koule byen.
- Ou pa bezwen fatigue lesprè w si dlo chita sou "swale" la pandan yon ti bout tan (ant 24 ak 48 tè dtan maksimòm); si yon ma dlo rete sou "swale" la pandan 72 zè dtan oubyen plis pase sa, rele 3-1-1 pou rapòte l.

To obtain a copy of this brochure in English, visit <http://www.miamidade.gov/publicworks/publications.asp>.

Para obtener una copia de este folleto en español, visite <http://www.miamidade.gov/publicworks/publications.asp>.